

**КЪÆССАЙÆН ЦАЛИНМÆ Æ КОМ НÆМА БАБАСТАЙ, УÆДМÆ ИН Е 'СКЪУД БАМПЪОЗÆ!..**

***Александр ГОРЧАКОВ, Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути министр 1856-1882 æнзти: «Нæ бæсти æма Европи нури уавæрти Уæрæсе гъæуама æ них исараза медирæзтмæ, адæми уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ æма гъæуама æндагон политикæ дæр коса еци ахсгиаг гъуддагæн...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№17 (889) 2023 анзи 13 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман

## САГЪÆССАГ ФАРСТА



**МАЛИТИ Геуæрги**

## ЦИ БЕГАРА ДÆБÆЛ ЕС?..

Уруссагау еу-дууæ дзурди ка базонуй, е дæр нæхе дигорон кенæ ирон æвзагбæл билæскъелтæ кæнун байдайуй, ци æй, цæмæн гъæуй уæхæн нецæййаг æвзаг, зæгъгæ. Уотемæй ба, уотæ ка дзоруй, уонæн сæ фулдæр уруссагау сæ дзубандиаг кæрæдзебæл исбæттун нæ фæффæразунцæ.

Æвдесæн. Киристонгъæуи Октябри бæрæгбони митинги дзурдта профессионалон Цæдести номæй Варасани-фурт, хуарз зонуй дигоронау. Е ба уæддæр баздахтæй æма уруссагау исамадта æ дзубанди. Кæмидæрти фегъуститæ кодта «штаб» æма «масштаб», фал си ка ци адтæй, уой нæ раргъавта æма никъкъуæрдта: «Да здравствует масштаб мировой революции – Коминтерн!»

Еуæй-еуетæ ин неци балæдæрдтæнцæ, ка 'й балæдæрдтæй, етæ ба ибæл фæххудтæнцæ.

Æ маддæлон æвзаг зонгæй æй, дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегара дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?»

РЕДАКЦИЙÆЙ: *Малити Геуæрги æ аци уайдзæфтæ кæд æвддæс æма цуппаринсæй анзей размæ ниффинста æма уæди рæстæги цæйбæрцæбæл бунати адтæнцæ, уоййасæбæл хаунцæ абони махмæ дæр. Фал æй фегъосдзинан æма нæ цитгийнаг дигорон æвзаг æцæгæй исцитгин кæндзинан? Хумæтæги нæй нæ аци фарст. Уæлдайдæр ба нур, нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони хуæдразмæ – зундгонд куд æй, уотемæй е нур инсæй анзей дæргъи бæрæггонд цæуй алли анз дæр 15 майи. Цæмæй æй исфедаун кæндзинан уæддæр аци хатт?..*

*Нæ маддæлон æвзаги бæрæгбони фæдбæл нæ республики разамунди арфитæ кæсетæ 2-аг фарсбæл.*

## С ЮБИЛЕЕМ!..



Нашей прославленной землячке, народной артистке СССР **Светлане Дзантемировне АДЫРХАЕВОЙ** в пятницу, 12 мая исполнилось 85 лет. И буквально в канун юбилея она Указом Главы нашей республики была удостоена высокого звания Героя Труда Северной Осетии. С юбилеем и с этой почетной наградой ее поздравляют родные, друзья, коллеги и, конечно, земляки. К этим многочисленным поздравлениям и наилучшим пожеланиям присоединяемся и мы, сотрудники газеты «Дигора» и в качестве своего поздравления публикуем стихотворение, которое в свое время написала народный поэт Северной Осетии **Ирина ГУРЖИБЕКОВА**.

### ТАНЕЦ СВЕТЛАНЫ АДЫРХАЕВОЙ

*Кладет искусный ювелир  
Тона, очерчивает грани.  
Но камня первозданный мир  
Разрушить он не в состояньи.  
Хоть тот приемлет до поры  
Оковы строгие пропорций, -  
В нем сердце матери-горы,  
Неукрощаемое, бьется.  
…Так вижу я в тебе сейчас,  
За безупречностью огранки, –  
Естественные, без прикрас,  
Порыв и пламенность горянки.  
…Как будто выписан пастелью  
Узор, то нежен, то суров,  
И соткан он из тьмы ущелий  
И белой пены облаков.  
В полете, всплеске и круженье  
Над сценой руки воспарят,  
И – словно жеста продолженье –  
Газели беззащитный взгляд.  
От света рампы – к свету звезд  
Рванешься смело и открыто.  
Струится водопад волос  
На плечи девушки-джигита…  
И вновь, в иной стихии танца,  
Из бури ускользаешь в штиль,  
И льется, вопреки Сен-Сансу,  
Неумирающая быль.*



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ «Фидтæлти зæрдæбæлдарæн».

# ФИДТÆЛТИ НАМУС

***Зундгонд журналист ДЗУГАТИ Барис æ уацтæй еуеми уотæ финста: «Кустуарзагæ æма ездон, хъаурæгин æма хебæлхуæцгæ, цæстуарзон æма хуæдæфсармæ, лæдæргæ æма фæразон адæймагæй фæззæгъунцæ: фидтæлти тæккæ бæллеццагдæр менеугутæй фæххайгин æй.***

***Уæхæн фæууй тæходуйаг гъæубæстæн, синхбæстæн, æнгæрттæн, муггагæн. Уомæн æма, фидтæлти берæ фæлтæртæ сæ лæгдзийнадæ æма хъаурæй сæхецæн ци ном искодтонцæ, сæ байзайæггæгтæн ци нæргæ кадæ æма æмбесонди æгъдæуттæ ниууагътонцæ, уонæбæл æй еузæрдиуон, гъæуай сæ кæнуй тæккæ хъазардæр хæзнай хузæн, æ зундæй, æ фæллойнæ æма æгъдауæй сæ кæнуй федардæр, гъæздугдæр...»***

***Дзугати Бариси уац æнæгъæнæй мухур кæнæн нæ газети абониккон номери 6-аг фарсбæл – æрмæг кæд раги финст æрцудæй, уæддæр си, махмæ гæсгæ ес, адæймаг абони цардарæзти дæр цæбæл расагъæс кæна, уæхæн гъудитæ.***

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Еумæйаг паддзахадон фæлварæн лæвæрд цæудзæнæй 26 майæй 1 июли уæнгæ. Уомæ æнхæстæй бацæттæ кæнуни фæдбæл нæ республики скъолати арæзт æрцудæнцæ 17 сæрмагонд рауæни. Скъолоти ма цæттæ 'нцæ сæ рауагъдонти рафæндарасти мадзал «Фæстаг дзæнгæрæг» исаразунмæ дæр – е рацæудзæнæй 25 майи.***

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

### ÆРГОМ КУСТ КÆНУН – ХУÆЗДÆР

Ауони куст кæнун нæ уадзунæн мадзæлттæ аразуни ведомствити 'хсæн къамисæн адтæй æмбурд. Амудта 'й Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**.

Аци анзи фиццаг кварталмæ исбæрæг æнцæ ауони кустгæнæг 2 мин адæймагемæ хæстæг. Уонæй нуриуæнгæ 1700 адæймаги еци ауонæй рацудæнцæ æма сæ фæллойнадон рахастдзийнадтæ исаразтонцæ гъæугæ фæткæмæ гæсгæ сæхе, куд хеамалгъонтæ исæвардтонцæ хигъди. Адæмæн кусти бунæттæ дæттуни комитети разамонæг **Плати Альбини** дзубандимæ гæсгæ, аци гъуддаги хуæздæр бæрæггæнæнтæ 'вдесунцæ сахар Дзæуæгигъæу, уæдта Дигори, Ирæфи æма Æрæдони районтæ.

Муниципалон къамистæ раргом кæнунцæ, сосæггай ауони ка косуй, айдагъ уæхæн адæймæгути нæ, фал æнæ паддзахадон регистрацийæй ка косуй, хеамалеуæггæнæг уæхæн субъектти дæр.

Профилон комитети разамонæг куд бафеппайдта, утемæй еци хузи паддзахадон агъази фæрци евгъуд анзи фæцæй санкцити уæзæ фæмминкъийдæр кæнуни гæнæн. Уой фæрци кустдæттутæ сæ косгутæн мизд федуни фондæн фæстауæрцæ искодтонцæ 50 миллион соми. Еци мадзæлтти архайдтонцæ 72 кустдæттæги.

Паддзахадон агъази мадзæлттæй разæнгардæй пайда ка кæнуй, уонæй еу æй Ирæфи райони хуйæн фабрикæ. Æ разамонæг **Таухъазахти Ирбег** куд радзурдта, утемæй адæмæн кусти бунæттæ дæттуни комитети хæццæ æмархайди фæрци, æма син 2022-2023 æнзти 3 миллионей бæрцæ субсидитæ лæвæрд ке 'рцудæй, уой фæрци сæ къохи бафтудæй 42 косæн бунати багъæуай кæнун. Уомæй уæлдай, хуйæн фабрикæ архайуй æнагъонтæн рæстæгмæ кусти бунæттæ дæттуни программи дæр.

Премьер-министри дзубандимæ гæсгæ, уæлдай æргом раздахун гъæуй ахургæнæндæнтти рауагъдонтæн кусти бунæттæ арæзунмæ, уæдта, туризм республики парахат кæнунмæ, уомæ гæсгæ аци къабази косгутæ цæттæ кæнуни гъуддагмæ дæр.

– Нæ республикæ дæсни специалисттæ цæттæ цæмæй кæна, уомæн ин ес еугур фадуæттæ дæр. Æнхæстгонд нæмæ цæунцæ агъазиау инвестиции проекттæ. Айдагъ фондз проектей фæлгæти нæмæ гъæуама фæззинна 8 мин косæн бунати. Косгутæ ба сæмæ цæттæ кæнун гъæуй, абонæй фæстæмæ райдайгæй, – бафеппайдта Хецауади Сæрдар.

# Æ МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ ЦÆРАЙÆЙ ЦИ АДÆМ ЦÆРУЙ, Е ХУÆРЗАМОНДГУН ÆЙ!..



Сергей МЕНЯЙЛО,
нæ республики Сæргълæуууæг:

### «НÆ ТÆККÆ АХЕДГÆДÆР ÆМА НИМАДДÆР БÆРÆГБОН НИН ÆЙ!..»

Сергей Меняйло нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони фæдбæл æ арфи нистауæни уотæ баханхæ кодта:

– Е æй тæккæ ахедгæдæр æма нимаддæр бæрæгбон нæ республики! Уомæн æма æвзаг уотид национ æмхузондзийнадæ бæрæггæнæнæй уæлдай ма æй адæми уодварни бундор, æ хуæдбундордзийнадæ æма æнæрафæлхатдзийнадæ, алкедæр ни æма æхсæнадæ еугæнæг културон хæзна.

Национ æвзаг багъæуай кæнуни фарста адтæй, æй æма уодзæнæй республики Хецауади архайди ахсгиагдæр фарстатæй еу. Мах еудадзугдæр агъаз кæнæн нæ маддæлон æвзагбæл æрмæгутæ цæттæгæнæг национ телеæма радиокомпанитæн, национ газеттæ æма журналтæн, маддæлон æвзагбæл ка финсуй, нæ еци литераторти æма журналисттæн сæ хуæздæрти алли анз дæр сæрмагонд премитæй исхуарзæнхæ кæнæн. Республики æнхæстгонд цæуй сæрмагонд паддзахадон программæ, æ ихæс æй æвзаг гъæуай кæнун, æ идарддæри ирæзтбæл архайун.

Нуртæккæ нæмæ арæзт цæуй маддæлон æвзаги Центр, уоми фадуæттæ уодзæнæй хестæртæ æма кæстæртæн национ културæ æма традицитæ ахур кæнунæн. Æнæ маддæлон æвзагæй нацийæн исонибон нæййес, æрбасатар уодзæнæй æма историй итигъдади фесæфдзæнæй. Уæхæн уавæр ба махæн сæрмæ хæссуйнаг нецихузи æй. Нæ маддæлон æвзаги идарддæри ирæзтæн нæмæ фадуæттæ ес, цæунцæ ибæл финст наукон куститæ, ахсгиаг журналистикон æрмæгутæ, литературон уадзимистæ. Не 'взаг нин уарзон æй уомæй, æма цæруй бийнонти медастæу, фæллойнадон коллективти.

Æвзаги ирæзтæн алцидæр искодтан, зæгъæ, зæгъун нæ бон нæма 'й. Нуриккон доги ин тæссаг æй бæрæ аллихузон æвзедæнтæй, алкæмидæр æма алцæмидæр ка буруй, еци глобализаци ихалуй хуæдбундордзийнади арæнтæ, æма уомæ гæсгæ ба æртивæрæй ауодун гъæуй нæ маддæлон æвзагбæл. Еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр гъæуама аразæн æ багъæуай кæнунæн, æ идарддæри райрæзтæн, уомæн æма е æй нæ национ есбонади сæйрагдæр хæзна.

Еумæ байархайæн, цæмæй ирон æвзаг федæни фæлтæрти сæрбæлтау багъæуай кæнæн! Е гъæуама исуа нæ еумæйаг нисан. Æностæмæ цæрæд æма игъусæд нæ маддæлон æвзаг! Мæ зæрдæ уин зæгъуй сабурдзийнадæ, амонд, æнæнездзийнадæ æма устур æнтæстдзийнадтæ!



ТУСКЪАТИ Таймораз,
нæ республики Парламенти Сæрдар:

### «НÆ УОДВАРНИ АГЪАЗИАУДÆР ХÆЗНА ГЪÆУАЙ КÆНУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙДÆР!..»

Алли анз дæр, 15 майи мах бæрæг кæнæн республики ахсгиагдæр бæрæгбæнттæй еу – нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бон. Аци ахедгæ гъуддаг æнгом баст æй нæ цитгин, нæ адæми сæрбæл хъазауатонæй дзорæг Хетæгкати Къостай номи хæццæ. Уой исфæлдистадон бунтæн æ агъазиаудзийнадæмæ гæсгæ нæ национ култури æмбал нæййес.

Алли адæймагæн дæр æ маддæлон æвзаг æй æ уодварни тухи сауæдонæ. Уомæй райдайуй райгурæн зæнхæ, фидтæлтиккон истори, хуæдбундор æгъдæуттæ æма рæстæвæндаггæнæг хе национ хæзнатæ рæстудæй уарзун æма сæ багъæуай кæнунбæл уодуæлдайæй архайд. Банимайæн ин ес федар бундорбæл, уой фæрци нæ гъæздуг æма аккаг евгъуди хæццæ иссан еу адæм. Аци устур хæзна гъæуай кæнун æй нæ еумæйаг ихæс, уомæн æма е æй адæми нæ республики цæрæг æндæр адæмти хæццæ бастдзийнадтæ федар кæнуни ахсгиаг фæрæзнæ.

Мæ хъазар æмбæстæгтæ, мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, амонд, нæ уарзон Иристони сæрбæлтау æнтæстгин фæллойнæ. Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, Иристони дзиллæ! Фарнæ æма амондæй хайгин уотæ!

## 2023 – НАРТИАДИ АНЗ

# «НАРТÆ СÆ ДЗУРД НÆ САЙДТОНЦÆ...»



ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ

Зундгонд куд æй, утемæй нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** Указæй аци анз Цæгат Иристони нимад цæуй Нартиади Анзбæл. Еци ахсгиаг гъуддаг хузæнонæй райаразунæн арæзт æрцудæй сæрмагонд разамунддæттæг къуар, æ сæргъи нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Туйгъанти Ларисæ**, утемæй.

Æрæги еци къуарæн ци æмбурд адтæй, уоми 'ркастæнцæ Нартиади Анзмæ гæсгæ нисангонд мадзæлттæ æма уони æнхæст кæнуни хæццæ баст фарстатæмæ.

Æдеугурæй нисангонд цæуй исаразун сæдæ дзиллон мадзалемæй фулдæр – армукъатæ, концерттæ, равдиститæ, конкурстæ, тематикон изæртæ…

Дзæуæгигъæуи Туйгъанти Махарбеги номбæл аййевадон музейи ка 'рбунæттон æй, еци агъазиау равдист «Хори цæуæт» нимад æй медесгундæр културон цаутæй еуебæл.

Музейи фондти экспонаттæй уæлдай ами фæууинæн ес Цæгат Иристони Национ æма Театралон аййевади музейтæй хъазар дзаумæуттæ, хузтæ, æстæн киунугутæ æма æндæр экспонаттæ.

Равдист «Хори цæуæт» ардæмæ æрбацæуæг адæми зонгæ кæнуй Нарти кадæнгитæ устур бунат ке 'сфæлдистади ахæссунцæ, еци хузæгæнгути аййевади хæццæ. Уомæй уæлдай ма равдисти фæууинæн ес къонай сæрмæ ауиндзгæ рæхистæ, тæбæгътæ æма нæ адæми национ фæлусти хæйттæ.

– Нарти кадæнгитæ 'вдесунцæ нæ адæми медесгун æгъдæуттæ æма културæ,– баханхæ кодта æ радзубандий Туйгъанти Ларисæ. – Нæ ихæс æй нæ национ уодварни хæзнати хæццæ ирæзгæ фæлтæрти базонгæ кæнун, нæ абони цардарæзти сæ иснæуæг кæнун æма сæ багъæуай кæнун. Нартиади Анзи фæрци нин ес нæ агъазиау културон хæзнатæ равдесуни фадуат, уомæ гæсгæ ба нæ сæйраг ихæс æй еугур нисангонд дзиллон мадзæлттæ дæр тæккæ хуæздæр хузи банхæст кæнун.

Нарти цардиуагæ æма æгъдæутти туххæй нæмæ ци зундгин æмбесæндтæ æрбахæрттæй, уонæй еу адтæй мæнæ ауæхæн: «Нартæ сæ дзурд нæ сайдтонцæ!..» Уой имисгæ ба уомæ гæсгæ ракодтан, æма мах дæр Нарти Анзи фæдбæл ци мадзæлттæ нисангонд æрцудæй, уонæй нæ дзурд ма фæссайæн æма сæ тæккæ федауцæдæр хузи æнхæстæй гъæуама исаразæн.

*Нæ уацхæссæг.*

**Музейти Æхсæндуйнеуон Бон бæрæггонд цæудзæнæй 18 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики музейти еугур косгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл!..**





# ИРИСТОНИ ХЪÆБОЛÆ – ИТАЛИЙ БÆГЪАТÆР

Уæлахези бæрæгбони агъоммæ Гъæдгæрони астæу Бæгъатæрти аллейи æрбамбурд æй берæ адæм. Еци бон кадгин уавæри байгон кодтонцæ бюст Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Италий фашизми нихмæ змæлди бæгъатæр Гиоти Барисбийи фурт Александрæн.

Кадгин иуазгути хæццæ адтæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**, Хонсар Иристони Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг **Джиоти Алан**, Æрæдони районi сæргълæууæг **Мæрзати Владислав**, æхсæнадон организацити минæвæрттæ. Мæскуйæй иссудæй бæгъатæри кизгæ **Гиоти Юлия** æ бийнонти хæццæ, уæдта, Александри хуарз ка зудта æма ин абони дæр устур кадæ ка кæнуй, еци адæм. Гъæууон скъолай ахурдзаутæ, рæвдауæндони гъомбæлкæнуйнæгтæ, гъæдгæройнæгтæ – хестæрæй, кæстæрæй æрбацудæнцæ æмбурдмæ. Бюст байгон кæнуни барæ равардтонцæ бæгъатæр тугъдони кизгæн. Берæ деденгутæ æвæрд æрцудæй æ размæ.

Æ гъæубæстæн кадæ æма намус ка 'рхаста алли тугъдтити архайгæй, уони нæмттæ исæносон кодтонцæ бæгъатæрти аллейи. Нур сæ нимæдзæбæл бафтудæй никкидæр ма еу кадгин ном.

Гиоти Александри царди туххæй, е 'ригон бæнтти, æ тугъдон нæдти æма Италий æрвист уæззау æнзти туххæй, уæдта ин тугъди фæсте æ Райгурæн бæсти хæццæ ци бастдзийнадæ адтæй, уой туххæй дзурдтонцæ Тускъати Таймораз, Джиоти Алан, Гъæдгæрони хестæрти Совети сæрдар **Бегизти Валик**, Гиоти муггаги минæвæрттæ Гиоти Хасан æма Петр, уæдта италиаг иуазæг, ахургонд, филолог æма тæлмацгæнæг, «Советон партизантæ Италий» киунуги автор Массимо Эккли.

Гиоти Александр райгурдæй 1911 анзи Гъæдгæрони, фæстæдæр сæ бийнонтæ 'рцардæнцæ Дзæуæгигъæуи. Æ сабийбонтæй фæстæмæ кустахур биццеу бæлдтæй ахурмæ. 1930 анзи фæскомцæдесæй æрвист æрцудæй Мæскумæ. Уоми æнтæстгинæй каст фæцæй рабфак, фæстæдæр ба – Г. Плеханови номбæл Адæмон хæдзаради институт. Куста базаради наркомати.

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд иннæ сагсор фæсевæди хæццæ 'рлæудтæй Райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ. Знаги дæрæн кодта Мæскуй бунмæ, уæззау цæф фæцæй, фал бабæй нæуæгæй тох кодта 13-аг



артиллерион бригади Хонсар-Нигулæйнаг фронти. Тогуарæн тугъди нæуæгæй фæццæф æй не 'мзæнхон, уацари бахаудтæй. Иннæ ахæст адæми хæццæ 'й нацисттæ фæлластонцæ Италимæ, Эмилия-Раманьяйи облæсти уæхæн уæззау куститæ кодтонцæ, æма син æнæмæлгæ неци хуасæ адтæй. Æ италиаг æрдхуард-коммунистти фæрци син бантæстæй уацарæй раледзун. Фашизми нихмæ тохи активонæй архайдта Италий партизанти хæццæ. Алесандро Беанкончинийи номбæл 36-аг Гарибальдиаг бригади иуонгтæ 'й худтонцæ Сандро. Бæгъатæр ирон лæхъуæн иссæй Италий национ бæгъатæр.

Фал, уæддæр Фидибæстæ, дæуæн æмбал нæййес... Æрбаздахтæй Уæрæсемæ æма Советон æфсади рæнгъити архайдта Идард Скæсæни Квантунаг æфсади нихмæ.

Тугъд ку фæцæй, уæд болкъон Гиоти Александр адтæй Мæскуй военторги хецау.

Тугъдон æма фæллойнадон æнтæстдзийнæдти туххæй Гиойи-фурти исхуарзæнхгин кодтонцæ Сурх Турусай æма Сурх Стъалуй ордентæй, берæ майдантæй, «Гарибальдий стъалуй сугъзæрийнæ, æвзестæ æма бронзæ майдантæй», æ реубæл цæхæртæ калдтонцæ «Гарибальдий стъалу»-й дууæ ордени.

Цирт байгон кæнуни фæсте адæмæн балæвар кордтонцæ киунугæ «Сандро». Бакуста ибæл Анатолий Виноградов.

Фæстæдæр мадзал раидарддæр æй гъæууон клуби. Цæгат Иристони адæмон артисткæ Дзанайти Ольги разамундæй ирон зартæгæнгути хор ракодта Гиоти Александри æма Иристони бæгъатæрти зартæ. Сæ арæхстдзийнадæ равдистонцæ культури Хæдзари адæмон инструменталон къуари архайгутæ дæр.

Гъæуи цæргутæ æма иуазгутæ æхцæуæнæй бакастæнцæ документалон кинонивæ «Сандро»-мæ. Æвдист си цæуй хъаурæгин адæймагæн æ цардвæндаг, ци устур аргъ кодта Райгурæн бæстæн, æ равзурст дæсниадæн, интернационалон хæлардзийнадæн.

Гиоти Юлия устур арфæ ракодта республики Хецауадæн æма Парламентæн, Гъæдгæрони цæргутæн, исфæлдистадон къуар «Артерия»-йæн, скульптор Сабети Геуæргийæн, Хæблити Владислав æма Дедегкати Викторæн сæ берæвæрсуг агъази туххæй. Кинонивæ исаразунбæл бакуста журналист, режиссер Хъалæгати Джульетæ.

Гъæуама æригон фæлтæр зононцæ, сæ фидтæлтæ тугъди ци бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ уой, æма 'й ма иронх кæнонцæ.

***ГУГКАТИ Жаннæ***

## СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИ

# БАЙГОН КОДТОНЦÆ НОМЕРÆН КЪÆЙÆ

Ольгинскийи кадгин уавæри байгон кодтонцæ ЗУГЪУТАТИ Чермени номерæн къæйæ. Е фæммард æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Къæйæ исæвардтонцæ, Чермен æхуæдæг кæми цардæй, еци хæдзари фарсбæл.

Кæстæр сержант Зугъутати Чермен еци тугъдон цаути райдайæни фиццаг бонтæй фæстæмæ дæр адтæй тохи раззагдæрти рæнгъити. Фæммард æй 2022 анзи 22 июни Харькови облæст Казачья Лопань, зæгъгæ, еци гъæуи рази.

Номерæн къæйæ игон кæнуни архайдтонцæ Чермени хеуæнттæ, бунæттон скъолай ахургæнгутæ, æ тугъдон æмбæлттæ, æмгъæуккæгтæ. Ольгинскийи астæуккаг скъолай кълæстæй сæ еу амæй фæстæмæ хæсдзæнæй Зугъутати Чермени ном.




Аци мадзал арæзт æрцудæй 3754-аг æфсæддон хай æма Фидибæстæ гъæуайкæнгæй ка фæммард æй, Цæгат Кавкази еци бийнонти совети сæрдар Татьянæ Днепровскайи хъæппæресæй.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Бердзенти бæсти хецæн рауæнти хецауеуæг кодтонцæ дууæ паддзахи. Сæ еу иннемæй тухгиндæр. Еууæхæни син се 'хсæн тугъд райеудагъ æй æма тухгиндæр састи бунати байзадæй. Тугъди будурæй æрæздахтæй сæхемæ æма æ уати мæстгунæй сагъæстæ кæнуй, уæхæн бæлах уавæри уæддæр цæмæн бахаудтæй, зæгъгæ, – кæд, миййаг, ци 'рцудæй, е фун адтæй…

Еци рæстæг имæ уæларвæй æртахтæй изæд æма ин зæгъуй:

– Ци 'рцудæй æма цæбæл тухсис, е фун нæй. Ду тох кодтай æма дæбæл де 'знаг фæуууæлахез æй.

Паддзах изæдмæ кæсуй æма гъенцъун кæнуй:

– Цæмæн рауадæй уотæ? Мæнмæ æфсæдтæ æртæ хатти фулдæр ку адтæй?..

Изæд ин равардта дзуапп:

– Е уомæн уотæ рауадæй, æма ду нæ Исфæлдесæги знаг дæ.

Уæд æй паддзах фæрсуй:

– Гæрр, ме 'знаг ба Исфæлдесæгæн æ хæлар æй?

– Нæ. Нæ Исфæлдесæг е 'знаги бафхуæруй, е 'знагæн æзнаг ка 'й, уой къохæй. Цо æма де 'знаги хæццæ еума хатт истох кæнæ. Аци хатт ибæл ду фæууæлахез уодзæнæ, е дæубæл куд фæууæлахез æй уотæ.

Уæд паддзах рандæй æма æ фудголи нихмæ истох кодта нæуæгæй, е 'фсад ин ниддæрæн кодта, æхе ба ин уацари райста…

* * *

*Исфæлдесæг æхуæдæг ци дуйне исфæлдиста, уоми цæрæццæгтæй ин, баруагæс уи уæд, знаги бунати неке æй. Е цæрæццæгтæ сæхуæдтæ сæ кæрæдземæй æзнæгтæ аразунцæ, сæ кæрæдзей бунисæфт кæнунцæ. Уогæ сæ фудмиутæ аразунмæ ба фулдæр пайда кæнунцæ, мæнæ ци таурæхъ ракодтан, уоми Исфæлдесæги номæй дзорæг изæди загъдæй, гъома, е 'знаги бафхуæруй, е 'знагæн æзнаг ка 'й, уой къохтæй. Уæрæсей нихмæ архайгути ардудæй Украини нури сæргъæн разамунд Уæрæсейæй райаразтонцæ сæ бæстæн знаг, тугъд ракъахтонцæ… Фал еци сæрисæфт миутæ æзгелгутæ сæхуæдтæ сæрисæфт кæндзæнæнцæ…*



**Войцех ЖУКРОВСКИЙ (1915-2000), польшаг финсæг: «Сувæллæнттæ æма инæлартæ еске тæрсунтæ кæнун уарзунцæ…»**

* * *

Сувæллæнтти тæрсæнтæ гъазуни хузæн фæуунцæ æма зæран некæмæн хæссунцæ. Фал инæларти тæрсæн миутæ ба адзалхæссæг исунцæ, уой дæр си фулдæр сувæллæнттæ бастъæлунцæ. Зæгъæн, мæнæ абони Украини кæддæри сабур цард ка низманста, сæ хæццæ ба, нæкæси, Жукровскийи æмзæнхон, польшаг «инæлартæ» дæр, уони фудæй цæйбæрцæ æвуд сабийтæ бастъалдæй…

**Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Æ цъамар миути бæрзондæй ракастæй дуйнемæ…»**



* * *

Абони Уæрæсей сæ маст райсуни зæрдтæй цъамар миутæ ка аразуй, æгириддæр нецигæнæг адæми гъезæмæртти ка æфтауй, уони фудракæндтитæ уоййасæбæл исбæрзонд æнцæ, æма уони уæлиау исбадгæй, уотæ æнгъæл æнцæ æма дзиллити æлгъист сæмæ не 'схъæртдзæнæй. Исхъæртдзæнæй!.. Æма азуймаг кæндзæнæнцæ!..



**Ж. ЛАБРЮЙЕР (1645-1696), французаг финсæг: «Хатгæ ка кæнуй, уомæн цард æй трагеди, гъуди ка кæнуй, уомæн ба – комеди…»**

* * *

Нæ царди хабæрттæ кæцæй арæзт гъæуама цæуонцæ, еци бунæттæ нури рæстæгути æрахæстонцæ, хатгæ дæр æма гъуди дæр ка нæ кæнуй, етæ. Æма адæми цардиуагæ трагеди дæр æма комеди дæр æй. Уогæ еу гъуддаг ба хуарз хатунцæ: сæ гъуди æй сæхе хабæрттæ тæккæ хуæздæр хузи аразун æма син æнтæсгæ дæр æгæрдæр ма кæнуй…

**Дæс æма æртинсæй анзи 14 майи æнхæст кæнуй Уæрæсей Аййевадон фонди Цæгат-Иристойнаг хайади исарæзтбæл. Абони е æй нæ национ культури агъазиаудæр артдзæститæй еу.**

***Номдзуд балхон Георгий Жуков æма Хетæгкати Геуæргий æхсæн рахастдзийнæдтæ уоййасæбæл хуæрзтæй кæд нæ адтæнцæ (уой дæр – фулдæр Жуковæн æхе фудæй), уæддæр е устур аргъ кодта нæ намусгин æмзæнхонæн. Уотæ си зæгъидæ: «Хетæгкати Геуæрги дессаги æрттевгæ стратег æй. Е ми баруагæс æй, æфсæдтæн ку командæ кодта Мæскуй, Сталинградi***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ДАУРАТИ Бибой фурт Бекмурзæ (1893–1979)



ДАУРАТИ Бариси фурт Кирилл (1912–1945)



ГОБЕТИ Афайи фурт Агубе (1917–1941)



ГОБЕТИ Беслæни фурт Виктор (1922–1982)



Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар ХЕТÆГКАТИ Геуæрги.



# ÆФСАДИ ИНÆЛАР

НÆ ХЪАЙТАРТÆ



**ХУДÆЛТИ Темирсолтан**
(1921-2001),
историон наукити кандидат

Хетæгкати Геуæргий Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин раттунмæ æвдесгæй, 29-аг гвардион æхсæг корпуси командир инæлар-лейтенант Шеменков финста: «Нихмæлæууæги гъæуайкæнуйнадон позицитæ ратонуни, нихмæлæууæн устур бунæттæ Рава-Мазовицка, Лодзь, Познань æма дæнттæ Тимица, Варта байсуни гъуддаги архайгæй, дивизи знагæн искодта устур зиантæ уодгоймæгтæй æма техникæй, ниццагъта знаги 5500 салдати æма афицери, ниддæрæн кодта 60 дзармадзанемæй фулдæр, 30 танки æма хуæдтолгæ дзармадзани, 24 æхсæзхæтæлон миномети, 38 миномети, 80 пулемети. Уацари ист æрцудæй 1000 салдати æма афицери, байста 62 дзармадзани, 60 æхсæзхæтæлон миномети, 150 хуæдтолгемæй фулдæр, 21 сифцæйласæни, 365 хуæдтæхæги æма планери, 1000 æфсæнвæндагон вагони, 1 аккумуляторон завод. Дивизи тохгæй рацудæй 300 километремæй даргъдæр над, дæсгай гъæутæ, сахартæ иссæребарæ кæнгæй». Уой хæццæ дивизий æдеугурæй фæммард æй 175 адæймаги, фæццæф æй 364.

1945 анзи 25 мартъий 1-аг Белоруссаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Жуков 8-аг гвардион æфсади командæгæнæг В.И. Чуйкови рази инæлар Хетæги-фуртæн равардта ихæс федар Кюстрин байсуни туххæй. Еци цауи туххæй æ имисуйнæгти Хетæгкати Геуæрги финста: «Еууæхæни мæскуйаг радио фегъосун кодта, зæгъгæ, 5-аг æфсади æфсæдтæ байстонцæ сахар æма федар Кюстрин. Ралæвардтонцæ ма сауæнгæ Сæйраг Уæлдæркомандæгæнæги бардзурд дæр. Махмæ е равзурун кодта дузæрдугдзийнадæ, уомæн æма Кюстринæй хонсарæрдæмæ дæр гъæуайкæнуйнадон бунæттæ ахæста мах 242-аг гвардион полк æма уомæй нæ адтæй игъосункæнуйнæгтæ, федар саст æрцудæй, уой туххæй. Æма дин мæмæ 25 мартъий ку фæдздзориуонцæ 8-аг гвардион æфсади штабмæ. Штаби æфсади командæгæнæги хæццæ баййафтон 1-аг Белоруссаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Г.К. Жукови.

– Цæйбæрцæ рæстæг дæ багъæудзæнæй Кюстрини федар байсунæн, – æдзинæг мæмæ кæсгæй æма къариндасæй игон картæ къупп-къупп кæнгæй,– бафарста Г.К. Жуков.

– Æма сахар Кюстрин æма федар Кюстрин ист ку ’рцудæнцæ. Уой туххæй фегъустонцæ еугурæйдæр, уæдта æз дæр, – дес кæнгæй равардтон дзуапп.

– Ардæмæ дæмæ дæ гъудитæ зæгъунмæ нæ фæдздзурдтонцæ, – цæхгæрмæ мæ фæууорæдта фронти командæгæнæг. – Дзуапп дæттæ бæлвурд фарстæн.

– Æмбал маршæл, бунат мин хуарз зундгонд æй, фал мæ уавæр исбæлвурд кæнун гъæуй. Айдагъдæр уæд зæгъæн уодзæнæй, цæйбæрцæ рæстæг æма хъауритæ багъæудзæнæй, уой.

– Кæсис, ду ба мин уотæ зæгъис, хуарз дивизи æй, – загъта Жуков, Чуйковмæ е ’ргом раздахгæй.

– Гъо, корпуси медæги æй хуæздæр дивизи. Æцæг размæмпурсæг, – загъта командæгæнæг В.И. Чуйков.

– Хуарз. Изæрмæ мин фегъосун кæнетæ нимпурсти пълан æма уæ фæттухгиндæр кæнунæн ци фæрæзнитæ багъæуд-зæнæй, уой, – загъта Г.К. Жуков.

Надбæл мин ме ’мбал, артиллерий инæлар-лейтенант Н.М. Пожарский радзурдта, ке ’рцудæй цидæр æнæргъуди рæдуд. Советон æфсæдтæ байстонцæ сахар Кюстрин, зæронд федар Кюстрин нæ, фал. Федар æй дууæ дони – Вартæ æма Одери ’хсæн. Куд рабæрæг æй, уотемæй 5-аг æфсади инæлар Рослыйи корпусæй еу полк бахизтæй дони сæрти æма æрлæудтæй федармæ хæстæг. Уой туххæй, æвæдзи, æгæр фæттагъд кодтонцæ фегъосун кæнунмæ фронтбæл æма Мæскумæ. Гитлеронтæ ба артиллери æма авиаций агъазæй рацудæнцæ контратаки, полкки дæлхайæдти цæугæдон Вартæмæ ракалгæй. Ефстæгтæ ма байзадæнцæ æгасæй еци полккæй».

Кюстрин адтæй ахсгиаг стратегион тохæн бунат, искæсæнæрдигæй Берлинмæ цубурдæр нæдтæ ка контроль кодта, уæхæн. Федари фæрстæ адтæнцæ бæзгин – 2,5 метри æма бæрзонд – 10 метрей бæрцæ. Æндеггæй ма æ алливарс адтæй арф, донæй идзаг къахт... Федарæн адтæй æртæ колдуари – Кетаг, Скæсæни æма Берлинаг, уæдта ма сæмæ ци хедтæ цудæнцæ, етæ гъæуай кодтонцæ гæрзефтонг мæсугтæ æма æндæр тохæн бунæттæ.

Еу бони фæсте 82-аг æхсæг дивизи 141-аг хецæн минометон полкки, тухгин гаубицити 100-аг бригади, уæззау артиллерий 26 бригади æма æндæр хъаурити агъазæй нимпурста федармæ.

29 мартъий сæумæй дивизий размæмпурсæг къуæрттæ батудтонцæ федар, рæфтæмæ ба гарнизони байзайæггæгтæ æрæвардтонцæ сæ тохæнгæрзтæ.

1945 анзи 19 апърели Советон Цæдеси Бæгъатæр Хетæгкати Геуæрги, Берлини стратегион операций архайгæй, командæ кæнун райдæдта 29-аг гвардион æхсæг корпусæн. «Корпус Хетæгкати Геуæрги Ивани фурти разамундæй, – финста инæлар Хетæги-фурти дуккаг «Сугъзæрийнæ Стъалу» райсунмæ ’вдесгæй, 8-аг гвардион æфсади командæгæнæг инæлар-болкъон В.И. Чуйков – знаги берæ гъæуайкæнуйнадон фæрæзнитæ исрæмодзуни туххæй вазуггин тугъдон ихæстæ æнхæст кæнгæй, сахартæ Мюнхеберг, Херцфальде, Фридрихсхаген, Кепене байсуни, уæдта цæугæдон Шпрее æма цадæ Дамейи сæрти бахезуни гъуддаги равдиста федардзийнадæ, устур арæхстдзийнадæ, цурддзийнадæ знаги соргæй æма бæгъатæрдзийнадæ нимпурсти рæстæг. Æмбал Хетæги-фурт пайда кæнуй æндиуд фæззилдтитæй, синхæгтæй фæххецæн унæй æма фæрсæрдигæй æнæ агъазгæнæгæй райзайунæй нæ тæрсгæй...»

**Кæрон. Райдайæн 16-аг номери (6 майи).**



**ССР Цæдеси Министрти Совети Сæрдар Алексей КОСЫГИНИ хæццæ нæ номдзуд æмзæнхон ХЕТÆГКАТИ Геуæргийæн хуарз, зæрдтагон рахастдзийнæдтæ адтæй. Кæрæдземæн рæстудæй бæрзонд, кæрæдзей нимадтонцæ.**

**Граждайнаг тугъди разагъди архайæг Николай Маркини райгурдбæл 21 майи æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1918). Æ рæстæги революцион куст æнхæст кодта Иристони дæр.**

***алфамбулай, Донбасс, Украинæ, Белорусси ку уæгъдæ кодта, æ гвардионти размæ ку кодта Польший зæнхæбæл, Берлини тугъдтити рæстæг... Зонун уой дæр, æма СССР Цæдеси Министрти Советти Сæрдар А.Н. Косыгин цалдæр хатти адтæй Хетæги-фуртæн маршæли цин раттуни фæндони фарс, фал æй нуриуæнгæ дæр нæ зонун, еци гъуддаги хъоргæнæг ка адтæй, уой...***

1945 анзи 24 апърели æфсæддон корпуси хæйттæ бампурстонцæ Берлинмæ æма авд боней дæргъи тухтæнцæ æверхъау гъæунгти тугъдтити, знаги федæрттæ сæтгæй æма есгæй. Сæрмагондæй Хетæги-фуртæн æхе бæгъатæрдзийнади, лæгдзийнади æма æвзугъддзийнади фæрци корпуси хæйттæн сæ къохи бафтудæй вазуггин тугъдон ихæстæ æнтæстгинæй исæнхæст кæнун. Еци операций 29-аг гвардион корпус ниппурхæ кодта 11595 гитлерони, 143 аллихузон калибри дзармадзани, 56 танки æма хуæдтолгæ артиллерион фæрæзни; ист æрцудæй 35 хуæдтæхæги, 117 аллихузон калибри дзармадзани, 17 танки, уацари ист æрцудæй 6938 гитлерони, фашистон зиндонæй уæгъдæгонд æрцудæнцæ 1500 граждæнини ССР Цæдесæй æма æндæр бæститæй. ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ 1945 анзи 29 майи Хетæгкати Геуæрги хуарзæнхæгонд æрцудæй Суворови I къæпхæни орденæй.

1945 анзи майи кæронмæ дæрæнгонд æрцудæй гитлерон Германи. Фал Идард Хорискæсæни идарддæр пеллон арт уагъта Дуккаг дуйнеуон тугъд. Империалистон Япони – гитлерон Германий цæдесон – нурма æ тохæндзаумау æвæруни фæндæ нæма кодта.

Милитаристон Япониий нихмæ тугъди бацæун Советон Цæдесæн историон æгъдауæй раст æма закъони бундорбæл адтæй. Е адтæй историон рæстдзийнади домæн, нæ патриотон æма интернационалон ихæс. 1945 анзи июни кæрони инæлар Хетæгкати Геуæргимæ æнæнгъæлæги фæдздзурдтонцæ Мæскумæ æма, æ корпус ратгæй, 27 июни Дрездени аэродромæй фæттахтæй Мæскумæ. Кадрти сæйраг управлени æй базонгæ кодтонцæ И.В. Сталини бардзурди хæццæ. Бардзурдмæ гæсгæ æрвист цудæй Идардскæсæйнаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл К.А. Мерецкови дæлбарæмæ, æхсæг корпуси командири бунатмæ. Америкаг æсгарунадæ нимадта, зæгъгæ, тугъди уруссæгтæ ку нæ архайуонцæ, уæд япойнæгти бон бауодзæнæй тугъд идарддæр рахъæртун кæнун (цæдесон æфсæдтæ япойнаг сæйраг сакъадахтæ ку байахæстайуонцæ, уæддæр) 1946 анзи кæронмæ, кенæ ба 1947, кенæ ба 1948 анзмæ.

Советон æфсæдти идардскæсæйнаг операцийæн адтæй æхе сæрмагонд хецæндзийнæдтæ. Размæмпурст рапарахат æй фондз мин километремæй фулдæри дæргъæн фронти 600-800 километри арфмæ. Фиццаг Идардскæсæйнаг фронтмæ æрбацæугæй, мæхе байамудтон фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл К.А. Мерецковæн. Е мæмæ десгæнгæй æрбакастæй æма мæ рафарста:

– Цæмæн æрбацудтæ уæхæн уæледарæси?

– Куд? Мæ уæледарæси неци гъæуагæдзийнадæ ес, – гъуддаг нæ лæдæргæй, загътон æз.



**ХЕТÆГКАТИ Геуæрги æма æ цардæмбал Валентинæн сæ цардвæндаг берæ сæрустур уни аккаг гъуддæгутæй æнхæст адтæй. Фал син уæддæр сæ тæккæ устурдæр сæрустурдзийнадæ ба иссæнцæ сæ цæуæт æма уони кæстæртæ.**

– Ду инæлар-лейтенант ку дæ! Цалдæр боней размæ мухургонд æрцудæй ССР Цæдеси Совнаркоми унаффæ дæуæн инæлар-лейтенанти цин раттуни туххæй, ду ба уой туххæй неци зонис! Еудзурдæй, нæуæг пъагæнттæ бакæнæ æма райсæ 59-аг æхсæг корпус.

9 августи æхсæвæ советон авиаци карз цæфтæ никкодта япойнаг æфсади аэродромтæ, æфсæнвæндаги объекттæ, федаргонд районтæн, Муданьцзяни, Харбини, Чанчуни административон-политикон центртæн.

Æверхъау тугъдтитæ байеудагъ æнцæ сахар Муданьцзянбæл. Уой гъæуай кодтонцæ 5-аг япойнаг æфсади сæйраг тухтæ. Знаг гъæддух лæудтæй, цæугæдон Муданьцзяни переправитæ уорамгæй. Хетæгкати Геуæргий разамундæй 59-аг æхсæг корпус размæ æмпурста цæгатскæсæни ’рдигæй 1-аг Сурхтурусагин æфсади раззаг рæнгъити. Мах 5-аг æфсад сахармæ æмпурста хонсари ’рдигæй. Еци дууæ æфсади еумæйаг хъауритæй еци-еу нимпурстæй ист æрцудæй сахар Муданьцзян. Уой хæццæ 59-аг æхсæг корпуси дивизитæ инæлар Хетæги-фурти разамундæй ниппурхæ кодтонцæ япойнаг «зианхæссæг» 1-аг моторизацигонд бригади. Япойнаг 5-аг æфсад Муданьцзяни фарсмæ ’рцудæй дæрæнгонд. Æхе уацари равардта еци æфсади командæгæнæг.

59-аг фестæгæфсæддон корпус, инæлар-лейтенант Хетæгкати Геуæргий разамундæй тох кæнгæй, знаги соргæй, æвæд, зиндзæуæн хуæнхаг бунæттæбæл хезгæй, Маньчжурий зæнхæбæл бахизтæй 400 километрей æрфæн. Тугъди рæстæг æфсæддон корпуси еугæндтæ ниццагътонцæ знаги дууæ мин салдат æма афицерей бæрцæ, ниппурхæ кодтонцæ берæ техникон фæрæзнитæ æма тохæнгæрзтæ, райстонцæ уацари 36134 япойнаги, байстонцæ тохæнгæрзтæ, тохæн æрмæгутæ, хуæруни продукттæ æма æндæр æфсæддон есбонади берæ æвæрæнтæ.

Японий хæццæ тугъд ку рахецæн æй, уой фæсте инæлар Хетæгкати Геуæрги командæ кодта корпусæн, æфсадæн.

1958 анзи Хетæги-фурт нисангонд æрцудæй æфсæдти Цæгатаг къуари командæгæнæгæй æма еци бунати адтæй 1963 анзи уæнгæ. Уой фæсте 1971 анзи уæнгæ Геуæрги командæ кодта Прибалтики æфсæддон зилди æфсæдтæн. Еци бунæтти, æ дæсни фæлтæрддзийнадæ æма æфсæддони устур искурдиадæй пайда кæнгæй, бахаста зингæ байвæрæн æфсæдти тугъдон цæттæдзийнадæ хуæздæр кæнунмæ.

Æфсади инæлар Советон Цæдеси Бæгъатæр Хетæгкати Геуæрги Ивани фурт æвæллайгæй куста Гæрзефтонг Тухтæ федар æма сæ тугъдон цæттæдзийнадæ тухгиндæр кæнунбæл. Кодта устур æхсæнадон-политикон куст. Е адтæй Советти Еугурцæдесон VIII-аг Сæрмагонд съезди делегат, СЦКП-й XX, XXI, XXII, XXIII съездти делегат, ССР Цæдеси V-VIII равзурст Сæйраг Совети депутат, 1971 анзæй 1975 анзи уæнгæ Хетæги-фурт куста ССР Цæдеси Гъæуайкæнуйнади министради генералон бæрæггæнгути къуари инспектор-унаффæгæнæгæй.

ССР Цæдеси Хецауадæ Хетæгкати Геуæрги Ивани фуртæн искодта аккаг аргъ: Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунбæл тугъдтити, æфсæддон еугæндтæн командæ кæнгæй ци лæгдзийнадæ равдиста, уони туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини 3 орденемæй, Октябри революций орденæй, Сурх Турусай 5 орденемæй, Суворови I-аг къæпхæни, Кутузови I-аг къæпхæни æма II-аг къæпхæни, Сурх Стъалуй ордентæй æма майдантæй, уæдта ма фæсарæйнаг ордентæ æма майдантæй. 1974 анзи иссæй сахар Познани (Польшæ) кадгин граждæнин. Хетæгкати Геуæрги Ивани фуртæн æфсади инæлари цин лæвæрд æрцудæй 1968 анзи.

Хетæгкати Геуæрги рамардæй 1975 анзи 3 сентябри берæ рæстæг фæссæйгæй. Нигæд æрцудæй Мæскуй Новодевичьей уæлмæрдти.

* * *

Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар Хетæгкати Ивани фурт Геуæргий рамæлуни фæдбæл Советон хецауади иуонгтæ æма разамонгутæ ци тæфирфæси финстæг бафинстонцæ, уоми загъд ес: «Тугъди æнзти хъæбæр вазуггин тугъдон уавæрти Хетæгкати Ивани фурт Геуæргий æвдиста агъазиау арæхстдзийнадæ æфсæдтæн разамунди, федардзийнадæ, æхе сæрмагонд лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ.

Тугъди фæсте æнзти Хетæгкати Геуæргий командæ кодта корпусæн, æфсадæн, адтæй цæгатаг æфсæдти къуари æма Прибалтики æфсæддон зилди командæгæнæг. Еци бæрзонд командон бунæтти уогæй, е устур байвæрæн бахаста не ’фсади хъаурæ федар кæнунмæ.

Хетæгкати Геуæргий æ фæсте ниууагъта дæсгай æфсæддон-наукон уацхъуди. 1977 анзи мухури рацудæнцæ Хетæгкати Геуæргий имисуйнæгтæ «Исполнение долга» æфсæддон рауагъдади Мæскуй.

**ХЕТÆГКАТИ Геуæргий туххæй Иристони зартæгæнгутæ ци зæрдæмæдзæугæ адæмон зартæ исаразтонцæ, уонæй еу мухур кæнæн абони.**

*Сау, сынт, зæгъ, ратахти æмæ Туалгоммæ*
*Сау уац æрбахаста, гъей, тох! Сæрибарыл тох!*
*Гитлеры сау дзæргъ, дам, нæ бæсты арæнтæм*
*Йæ ныфс куыд бахаста, гъей, сæрибар!*

*Туалты хистæртæ Габомæ бадзурынц*
*Сæ зæрдæ рисгæйæ, гъей, тох! Сæрибарыл тох!*
*Нæ буц фæсивæды кæнæм мах де уазæг*
*Кæстæрæй-хистæрæй, гъей, сæрибар!*

*Хетæджы сахъ фырт, дам, йе ’фсады разæй*
*Карз тохмæ фæрасти, гъей, тох! Сæрибарыл тох!*
*Йæ хæстхъом салдæттæм сармадзаны нæмыг*
*Уæд къори куы касти, гъей, сæрибар!*

*Габойы разæй, дам, немыц куы лыгъдысты,*
*Æрра фосы дзугтау, гъей, тох! Сæрибарыл тох!*
*Мæлæт дын макуы уа, карз тохы чи райста*
*Нæ рæзгæты тугтæ, гъей, сæрибар!*



## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ЕЛХЪАНТИ Иласи фурт Хазбекир (1917–1984)



ЕЛХЪАНТИ Иласи фурт Асламурзæ (1924–1943)



ЕЛХЪАНТИ Иласи фурт Хадзимурзæ (1922–1983)



ТАБОЛТИ Мæрзабеги фурт Слангери (1913–1943)

**ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указæй 1942 анзи 20 майи нисангонд æрцудæй Фидибæстон тугъди орден, дууæ къæпхæни ин, уотемæй. Еци хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Иристони тугъдонтæй хъæбæр беретæ.**

***ГÆБÆРАТИ Юри, хонсаристойнаг газет «Хурзæрин»-и сæйраг редактор: «Хуцау нæ кæд нимæдзæй æндæр адæмти сæрти нæ ракæсун кодта, уæддæр нин равардта берæ менеугутæ, цæмæй бæрæг дарæн æндæр адæмти рази. Фал еци менеугутæ уотид бæрцæй байзайдзæнæнцæ, цардгъонгæнæг, уод сæмæ бауадзæг ку нæбал уа, уæд...»***



ХЕТÆГКАТИ Хъазбеги конд хузæ.

# ФИДТÆЛТИ НАМУС

НÆ ЦАРДИУАГÆ



**ДЗУГАТИ Барис,**
(1922-2001),
журналист,
Устур Фидибæстон тугъди архайæг

Дессаги фарнæ уодварни хæзнати хузи нин байзадæй нæ фидтæлтæй. Дуйней адæмтæн сæ бон сæхе растаун цæмæй æй, еугур еци гъæздугдзийнæдтæй æнæхай нæ фæцан мах дæр. Муггагмæ æнæмæлгæ кадæ искодтонцæ нæ адæмæн æ хуæздæр хъæболтæ. Идæрдтæбæл нæ дзордзинан, фал евгъуд æноси райдайæни нæуæг, советон цардарæзтбæл тохи си намусгинæй ка фескъуæлхтæй, уони рохс нæмттæ нæ дзиллæ абони дæр ма арфиагæй имисунцæ. Мамсурати Сахангери æма Цæголти Геуæрги, Дзæрæхохти Хаджимурат æма Хъесати Колка, Зорттати Урусби æма Дзаттиати Александр, революций æма медбæстон тугъди берæ æндæр бæгъатæртæ.

Æрдхуæрæни лæгдзийнадæ равдистонцæ нæ адæми хъæболтæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Нæ Райгурæн бæсти нихмæ цифуддæр знаг æ къох ку исиста, бæлах нин нæ еумæйаг хæдзари дуар ку ниххуаста, уæд нæ Цæдеси æнсувæрон адæмти хъæболти хæццæ усхъæй-усхъæмæ æрлæудтæнцæ Иристони бæгъатæртæ дæр. Зæнхæбæл еци тæккæ æверхъаудæр тугъди сæ нæргæ кадæ райгъустæй æма истории сугъзæринæ дамугъатæй финстæй байзадæнцæ Плити Исси, Хетæгкати Геуæргий, Мамсурати Хаджумари, Советон Цæдеси берæ бæгъатæрти, тугъдон орденхæсгути, Райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ цард ка иснивонд кодта, еци мингай тугъдонти рохс нæмттæ

Нæ фæккиудтæй нæ фидтæлти намус тугъдæй рист зæнхи нæуæгæй уод уадзуни уæззау æнзти. Нæ бæсти еугур æнсувæрон адæмти æмархайди фæрци Иристони фæллойнæгæнæг дзиллитæ цубур æмгъудмæ исæнæуцæг кодтонцæ адæмон хæдзаради æма социалон-культурон царди гъомусадæ.

Фæстаг æнзти нæ гъуддæгутæ, гъулæггагæн, ке фæккиудтæнцæ, размæ ке нæбал комунцæ, е дæр, нæхебæл æгæр ке фенвæрстан, «фæстезад», æнахургонд хестæрти фæнзун нæ сæрмæ ке нæбал хæссæн, нæ еци æведауцæ хъал миуи фуд нæй? Нерæнгæ дæр ма беретæ гъуди кæнунцæ, тугъди размæ Иристони гъæути колхозонтæ сæ фæллойни фæдбæл син ци тиллæг хайгонд цæуидæ еумæйаг хæдзаради 'рдигæй, уой æнхæстæй комгæ дæр нæбал кæниуонцæ, гъома, цæмæн нæ гъæуй уойбæрцæ, зæгъгæ, уæд. Еу загъдæй, сæ цардæн адтæнцæ хецæуттæ æма 'й хуæздæрæй-хуæздæргæнгæ аразтонцæ. Ка си ци кусти лæуд адтæй, уоминæдæр неке æма нæдæр сæхе дæр нæ сайдтонцæ, «ами тъæпп-тъæпп» æвнæлдтитæ нæ кодтонцæ æма сæ фæллойни бæркад дæр уоййасæбæл агъазиау уомæн адтæй.

Нури æнæлæдæрд æма æбæрнон рæстæгути ба сауæнгæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддæгутæмæ дæр цийфæнди цæстингасæй каст цæуй. Берæ кæмидæрти æма цæмидæрти феронх ан нæ фидтæлти цардаразæг æгъдæуттæ æма фæдзæхститæ.

Æз ма кæддæр финстон фидтæлти фарнæ гъæуайгæнгæ ке æй, уой туххæй. Ка 'й зонуй, еске зæгъа, иссирдта рæуонæ!.. Нæ, æз мæхемæ еци нифс нæ есун, æма кæцидæр, уæлдайдæр ба минкъийгомау нæхъæртондзийнадтæ æма галеудзийнæдтæй еумæйаг уавæрæн æнæгъæнæй аргъ искæнон. Фал цийфæнди унаффити, цийфæнди хецауади, цийфæнди техникæ æма гъæцæнти æууæлти дæр сæйраг рахуæцæн, фæллойнæ, æцæг фæллойнæ, æнæсайд, арæхстгин фæллойнæ 'й. Мæ зæрдæбæл хуарз лæуунцæ мæ синхи хестæртæ: цæйбæрцæ сæ гъуди кæнун – алкæддæр сæ нимæтходтæй сæ хед сæрфтонцæ, сæ сæр сæ хæрдмæ исдарунмæ нæ евдалдæй. Махбæл, сæ фæсте фæлтæртæбæл, мæтæ æма сагъæсæй, сæхецæй нæ амалгундæрæй æма лæгигъæдгундæрæй ниууадзунбæл сагъæсæй. Нæ сæ фæндадтæй, ци исаразонцæ, истори ци ниффинсонцæ, уой туххæй си сæ байзайæггæгтæ æфсæрмийæй сурх кæнонцæ, е.

Адæймаг ци æнтæстдзийнадæ райгурун кæна, е ин кадæ хæссуй. Æма исæрттивтонцæ Фæллойни Бæгъатæрти Сугъзæринæ майдантæ Æхсæрисæри æма Черменигъæуи, Хумæллæги æма Елхотти, Брути æма Æрæдони... Уарзгæй, арфити хæццæ абони имисæн еци кадæ 'рхæсгутæ Боллоти Полий æма Алæгати Темурбий, Æлбегати Харитони æма Багати Назирæти, Дзгойти Еруслани æма Годжицати Назой æма ма иннæ берæ бæгъатæрти нæмттæ.

Царди цийфæнди къабазæ дæр райсæ æма кæми ба нæ бафтудæй Иристони къохи æгъзиау æнтæстдзийнæдтæ! Еу фондзанзонæй иннемæ, еу анзæй иннæ анзмæ гъомусгиндæр кодтонцæ нæ адæмон хæдзарадæ æма културæ.

Табуйаг гъуддаг æй, ке зæгъун æй гъæуй, фæсевæд нæ разагъди хестæртæй æма уони нæртон гъуддæгутæй сæрустур ке 'нцæ, е. Уомæй хуæздæр ба 'й сæ фæнзун. Сæ тохи æма фæллойни æскъуæлхтдзийнæдтæй уæлдай ма сæ адæймагуарзондзийнадæ æма сауæнгæ фæлмæн, нифсæфтауæг цъухи дзурд дæр фæнзуни аккаг æнцæ. Æма уотæ ци адæми цардарæзти уа, е амондгун æй, æнæгузавæ 'й æ исонибон дæр. Уомæн æма айдагъдæр уотемæй цæунцæ фæнзуйнаг æгъдæуттæ еу фæлтæрæй иннемæ – никки гъæздугдæрæй, никки зæрдæмæдзæугæдæрæй. Амондгун æма арфиаг уой туххæй æнцæ нæ фæсевæд, уæхæн зунд сæмæ ке ес, фидтæлти намус сæхе æцæг намуси гъуддæгутæй фулдæр кæнунмæ ке тундзунцæ. Уомæн æма зонунцæ, нæ абони æнтæститæ, нæ абони уæлахезтæ адæми 'хсæн еци домбай, æнæихæлгæ хæлардзийнади фæрци ке 'нцæ.

Ке бæрнæхсти кодтонцæ сæ тухстагдæр гъуддæгутæ, кæбæл æууæндтæнцæ гъæубæстæ, комбæстæ, Иристон æнæгъæнæй? Сæргинтæбæл, гъай-гъай!.. Уæхæн рæстæги хъæбæр нимади цудæй, ка цæйбæрцæ фæуууидта, царди арфиагæй ци исаразта æма аразуй, фулдæр лимæнтæ си æхе æма æндæр адæмти 'хсæн дæр кæмæн адтæй. Ескæмæ æ кæсгон æрдхуард, æ хъазахъаг зонгæ фæззиндтæнцæ, зæгъгæ, уæд е еугур синхбæсти, æнæгъæнæ

### ДЗУРД ДЗУРДИ КЪАХУЙ...



**Нæ фидтæлти намуси аккаг унмæ ба ни ка нæ бæллуй!.. Уой туххæй номдзуд Гæдиати Секъа (1855-1915) уотæ финста: «Тугъди будури ирон лæгæн е 'мбæлттæ размæ ку 'мпурсонцæ, уæд æй нæ бафæнддзæнæй кæмидæр фæскъилдуни бæхтæрæгæй байзайун. Цийфæнди тæрсгæй дæр тугъди будурмæ тундзуй: «Æз иннетæй æгудзæгдæр дæн? Фæстеггæй æхе баримахста, гъæуама зæгъа мæнæй еске?» Ходуйнаг...»**

гъæубæсти бæрæгбон адтæй, æ фусунмæ хицæггæнгутæ нимайæ æма нимайæ...

Уотæ бæргæ адтæй æрæги уæнгæ дæр ма... Нур ба?.. Кæддæр лимæнæй цæрæг адæмти 'хсæн хæларзæрдæдзийнадæ фæцидæр æй... Кадæртæ ба си сæ кæрæдземæ сауæнгæ знаги цæстæй кæсун байдæдтонцæ.

Уой фæдбæл ба уой зæгъуйнаг дæн, æма дууæ хъаугъагæнæгемæй еу зундгиндæр гъæуама разинна, æхебæл æрхода æма æ фæсмонбæл инней бауæндун кæна, уæд æй е дæр фæндзæнæй. Е дæр нин нæ курухон хестæртæй байзайгæ зунди хуасæ 'й. Дарæн æй нæ зæрдæбæл, устур æнæуууилд дзурд ни исервæзун нæ уадзуй. Растдæр зæгъгæй, нæ уагъта, уомæн æма нур кæмæйдæрти иронх кæнун байдæдта. «Æхе ка нæ уарзуй, е рамæлæд!..» – ка нæ фегъуста еци æмбесонд? Æхецæй æндæр ке неке уарзуй, е ба еугуремæн тæрегъæддагдæр, æлгъистагдæр адтæй.

Хуарз зунд, æнæрæдуд унаффæ алкæддæр гъæунцæ, фал уæлдай хъæбæрдæр ба тухстаг, зин рæстæги гъæунцæ. Мæнæ нуртæккæ нæ бæсти еуæй-еу рауæнти ци тухст уавæр исæвзурдæй кæцидæр адæмти 'хсæн рахастдзийнæдти хабæрттæ куд ниуухери 'нцæ, уæхæни. Еске дæ фæррæхуста æнæргъуди загъдæй, кенæ гурумухъ миуæй æма ин æ фиййи бунмæ киунугутæ телæ, мæнæ кæсай, мæ фидтæлтæ ка адтæнцæ, уæддæр лæдæрд уодзæнæ? Хе цардвæндаг зонун гъæуй, æнæмæнгæ, фал цæйбæрцæбæл æхцæуæндæр æй, æндæр еске дин дæ адæми æма дæхе дæ хуарзи кой ку ракæна, уæд! Хестауæгæ æма хенвæрсон еугур адæмтæн дæр æма еугур æности дæр гъæзæнгъолæ адтæй, ходуйнаг.

Еуæй-еуети æнæргъуди, æнæгъæуаги хестауæн миутæ ба æнцæ ескæмæн хе тухххæй дæр бауарзун кæнуни хузæн. Мах адæм ба уомæ не 'рхаудтæнцæ, уой сæр сæ нæ гъæуй, Хуцауæй арази. Ци 'нцæ уодикондæй дæр, сæри магъзæй дæр, цийфæнди гъуддаги дæр нифсгун æма лæгигъæдгун, уой айдагъ нæ бæсти нæ зонунцæ. Цидæр хъуæлæгсæртæ еуæй-еу хатт адæми номæй дзоруни нифс æма барæ сæхемæ есгæй, цæсти 'фтаунцæ нæ хуарз ном, думгæмæ дарунцæ, берæ фæлтæртæ, кедæр загъдау, сæ удæй арт фæццæгъдгæй, иннæ адæмти 'хсæн ци зингæ бунат байахæстонцæ, уой. Хуæддзойæй æхецæй фætæг исуни фидбилизи зунд кæмæ фæззиннуй æма иннети дæр фидбилизи надбæл ка ардауй, уæхæн æнæргъудитæ фæстагмæ æлгъистаг исунцæ адæмæн.

Кенæдта – фæразондзийнадæ. Уомæ неке седуй, æма цавддорау фæууо, еске дин дæ уадолæ ку никъкъæрцц ласа, уæд имæ дæ иннæ дæр бадарæ, дæ лæги кадæ дин къæхти буни кæнæд, дæ адæми кадæмæ дин æнæнвæрсон зæгъдтитæй æгадæ кæнæд. Фал, гæрр, е ку нæ лæууй, уæд æз цæмæй æнæлæгдæр дæн, зæгъгæ, гъæуа нæ гъæуа, уæддæр знæт кæнæ, е, кæмæ бабæллай, уæхæн менеуæг нæй.

Уогæ ба куд зинтæй æрцæуй нæргæ кадæ! Берæ фудæбон, æнаййеп цард домуй, берæ æнзти дæргъи имæ фæццæуй адæймаг, æнæгъæнæ адæм ба – сæдæгай æнзтæ. Фал æй еунæг æнæргъуди миуæй æвæд æрбакæндзæнæй, кæддæри æгæрон намус руги хузæн фæддунд уодзæнæй, æзини хуарз ном муггагмæ фæсмойнаг æма уайдзæфæй байзайдзæнæй. Уой тухæй нин нæййес махæн рæстæг дзæгъæли исафунæн, уомæ гæсгæ нæ гъæуй нæ дустæ арф бахатун, цæмæй Иристони зæнхæбæл рæстзæрдæ фæллойни, нæ фидтæлти цитгин æгъдæутти кадæ æма фарни кадæ кеун ма бауадзæн.

Уой туххæй нин уотæ хъæбæр гъæуайкæнуйнаг æй нæ гъæздуг, алкæмæн дæр хъæбæр цæстуарзон, алкæмæй дæр рæвдуд фидтæлти намус.

**Советон доги 19 майи хъæбæр цитгинæй бæрæггонд цудæй В.Ленини номбæл нæуæгдзаути Еугурцæдесон организаций райгурди бон. Абони нæ кæстæртæн уæхæн райдзаст бæрæгбон, гъулæггагæн, нæбал ес...**

*Владимир ЛЕНИН (1870-1924), советон цардарæзти бундорæвæрæг: «Адæймагæн аргъ кæнунцæ, æхуæдæг æхе туххæй ци дзоруй, уомæ гæсгæ нæ, фал ци аразуй, уомæ гæсгæ...» Загъд бæргæ зундгин æй, фал, цума, Уæрæсей цардарæзти некæд исæцæг уодзæнæй æ рæстдзийнадæй...*




УРУСТИ Геуæр

# Æ ЗÆРДИ ФÆДЗÆХСТ ИН ИССÆЙ Æ ЦАРДИ НИВÆ...

«…Гъуди ма кæнис, рагуалдзæгæй æрæгвæззæгмæ хе æртайунæй æфсес куд нæ зудтон, уой. Еу изæр бустæги еунæгæй байзадтæн Терки билæбæл, ме 'мбæлттæ, уæд нæбæл цудæй дæс-еуæндæсгай æнзтæ, тагъд-тагъдæй сæ дарæс ракодтонцæ, æма – гъæумæ, фонс гъуд кæнунмæ. Æз бадгæй байзадтæн уазал къæдзæхдорбæл. Кæсун Терки уолæнтæмæ, игъосун син сæ сæбар-субурмæ. Уæд мæмæ мæ зæрдæ исдзурдта: «Игъосис!.. Адæймаги цийнæбæл цийнæ кæнæ, æ зин сахатти балæууæ æ фарсмæ, радтæ имæ дæ агъази къох…» Æз зудтон, сæйгæй мæгурдæр зæнхæбæл ке неке ес æма загътон: «Гъо, æз исуодзæнæн дохтир!..» Загътон æма нур дæн дохтир!..

Уотæ финста Урусти Геуæр æ хуæрæ Косерханмæ Харьковæй, дохтири диплом ку райста, уæд.

Геуæри кой, сабий ма адтæн, уæд фегъустон. Синхæнттæй еске ку фæссæйгæ уидæ, уæд бакатай уидæ: «Тæходуй, тæходуй æма нур Геуæр-дохтир ке уæлгъос æрбалæууй…»

Цудæй рæстæг, æма 1929 анзи æви 30-аг анзи нæ гъæу Елхотти станций фæзи, хуардæнтти комкоммæ, дæргъæй-дæргъæмæ рагъамад вагонтæй еуей лæгтæ уæгъдæ кæнунцæ устур гъæдтæй.

Адæммæ æндæр дзубанди нецибал адтæй:

– Гъæдæрмæг исæрвиста, фал сæйгæдони хæдзарæн æндæр неци гъæуй?

– Уонæн дæр ести амал уодзæнæй.

– Уобæл дæр Геуæр, æвæдзи, расагъæс кодта.

– Фæстагмæ не 'хсæн æхца æрæмбурд кæндзинан.

Рацæй-рабон æй, æма еци гъæдæрмæг Урусти Геуæр идард Цæгатæй, Котласи районæй, исæрвиста æ райгурæн гъæу Елхоттæн, цæмæй си исаразонцæ сæйгæдонæ. Фал сæйгæдонæ исаразунæн фадуат нæ фæцæй æма хъазар лæварæн æ еу хай фæлластонцæ æригон колхози бæхдæттæн, иннæ ба багъудæй абанай арæзтадæн.

Фæстæдæр гъæусовети номбæл Геуæрæй иссудæй финстæг:

«…Адтæй уæхæн рæстæг, æма Такъæти инæлартæ нæ гъæуи мæзгит исаразунæн сæ берæ мулкитæй цæйбæрцæдæр æхца ку исуæлдай кодтонцæ. Фал ковæндонæ сумахæй некема багъæуай кодта незтæй. Мæнмæ уæлдай еунæг сауæри дæр нæййес, уæддæр мæ фæндуй, цæмæй нæ дзæбæх Елхотти фæззинна уæддæр минкъий сæйгæдонæ. Еци æнæнездзийнади гæнахæн сæрæвæрæн кæнун æз. Табуафси, мæ уарзон æмгъæуккæгтæ!..»

Геуæр адтæй Урусти Гагудзи фурт, елхоттаг. Райгурдæй 1892 анзи. Гъæуккаг биццеу ирæзтæй зæнхкосæг бийнонти 'хсæн, гъомбæл кодта е 'мбæлтти хæццæ еумæ. Цуппар анзей дæргъи фæййахур кодта гъæуккаг скъолай.

Æртиндæсанздзуд Геуæр хъæбæр фæццудæй се 'рвадтæлти сиахс, паддзахи афицер Ардасенти Мишой зæрдæмæ, биццеубæл исæмбæлгæй си æрбайронх уидæ хæдзарæ, служба.

– Гъома, ку неци зæгъун. Ести си рауайæд, уомæй æндæр ку ислæг уа, уæд æз æма дæубæл æ къахæй куд рахуæцдзæнæй, – загъта еууæхæни Гагудз Мишойæн, дæ фурти мæбæл бауузндæ, зæгъгæ, æй ку нæбал уагъта, уæд.

Мишо Геуæри ахурмæ равардта Владикавкази гимназимæ. Уой фæсте сиахс æма фиди фæндæй гъæуама рандæ адтайдæ æфсæддон служби надбæл, фал биццеуæн æ фæндæ конд адтæй… Дессагæн, цума ин æ зæрдæ цæмæн бафæдзахста дохтир исун?

Уæди дзамани ирæнттæй, æвæдзи, се 'рвадæ Бодзийæй гъæздугдæр лæгтæ æртæ-цуппар дæр нæ адтайдæ. Саузæрдæ ба уæхæн адтæй, уæхæн æма… Æ тургъи кæрзæ бæласи бундзæфхадбæл бастæй дардта саг. Мадта «гъæууон паддзах» уоййасæбæл фудзунд адтæй, æма, æ ихуæрститæй ескæмæ ку рамæстгун уидæ, уæд æй сагмæ барветидæ. Сирд ибæл æхе ниццæвидæ, сикъатæй æй нирræхуститæ кæнидæ, æ къæхти буни 'й феууæрдидæ.

Еци æверхъау хабæрттæ минкъий Геуæр фæууинидæ æхе цæститæй, зæрдристæй сæмæ кæсидæ дорæй амад бæрзонд горени сæрти.

Уæд дин еци фудлæг еухатт уæхæн фудмиуæ ку исаразидæ ихуæрститæй еу силгоймагæн… Силгоймагæн æ цæсгон тоги пурхæнтæй нæбал зиндтæй, цъæххахст кодта, рахаудтæй… Бодзи бæрзонд къæсæрбæл лæудтæй æма, медбилти ходгæй, æ бор æрфгути бунæй кастæй тæрегъæддагмæ. Æрæгиау иннæ ихурстбæл фæгъгъæр ласта:

– Кæд нæбал æй, уæд ин дзæхæрай кауæбун ескæми къагъд искъахетæ!..

Фал силгоймаг æ кеми 'рцудæй. Цалдæр мæйи фæссадæй, фал нæбал исдзæбæх æй, рамардæй. Адæм еци æверхъау хабар куд нæ базудтайуонцæ, æма мардæн басосæггæнæн нæбал адтæй. Бодзи æй байвæрун кодта уæлмæрдти, æцæг иннæ циртитæй еуварсдæр.

– Дохтир ин æ цæфтæмæ кæсгæ дæр не 'ркодта. Æхца, дан, бал рахæссетæ. Нур, кæсис, силгоймаг рамардæй… – дзурдта Геуæри мадæ Айсæдуйæн сæ синхаг уосæ.

Уой фегъуста дæсанздзуд Геуæр æма æхецæн федарæй исунаффæ кодта: «Мæн неке æхца гъæудзæнæй. Æз уодзæнæн дохтир!..»

Æ фидæ Гагудз æма сæ сиахс Мишо нæ бацудæнцæ биццеуи зæрдихудти. Геуæр ахур кæнун райдæдта Харькови университети медицинон факультети. 1915 анзи институт куддæр каст фæцæй, уотæ имæ фæдздзурдтонцæ æфсадмæ, рандæ 'й империалистон тугъди фронтмæ. Фиццаг служба кодта кæстæр дохтирæй 28-аг хъазахъаг полкки, 1916-1917 æнзти ба адтæй 23-аг еугонд эвакуацион госпитæли ординатор.

Октябри революций хуæдразмæ Геуæр исхъæрттæй Иристонмæ. Цубур рæстæг рацардæй сæхемæ, уæдта Владикавкази. Уорс æфсадмæ 'й рарветдзæнæнцæ, уой ку базудта, уæд рандæ 'й Дагестанмæ. Дербенти базонгæ 'й Дагестани ревкомæй цалдæрей хæццæ. Фал ревкомбæл уайтæкки æрбампурста контрреволюционерти къуар. Геуæри багъудæй хе бафæсвæд кæнун æма æрбаздахтæй Иристонмæ. Е адтæй 1918 анзи фæстаг бæнтти. Деникинонтæ Иристонбæл сæ армæ ку æрæвардтонцæ, уæд Геуæр адтæй Елхотти, æ фиди хæдзари. Еу бон имæ фæдздзурдтонцæ гъæуи æнхæсткоммæ. Уоми ин загътонцæ, уотæ æма, дан, уотæ «Хебарæ» æфсадмæ ку исаккаг кæнисæ, хъæбæр нæ гъæунцæ медиктæ.

– Тæккæ абони дæр, – загъта Геуæр. – Æцæг мин цалдæр бони бахатир кæнетæ… Еу къуæрей бæрцæ. Мæ хуæрæ тухст сæйгæ 'й æма ин Владикавкази кенæ Грознай хуастæ райагорон. Бауæндтæнцæ ибæл Деникини минæвæрттæ. Е нæ, фал ма си Геуæр байагурдта сæрмагонд гæгъæди, цума æфсадæн хуастæ агорæг цæуй. Æцæг кумæ, кæци сахармæ æрвист æй, уой ниффинсун деникинонтæй феронх æй. Геуæр балæудтæй сахар Темирхан-Шурай (Буйнакски). Æ дагестайнаг зонгитæбæл фембæлун ин бантæстæй айдагъдæр 1920 анзи райдайæни. Дагестани ревком нæуæгæй æрæмбурд кодта æ хъæуритæ æма райдæдта косун. Геуæр си иссæй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади хайади сæргълæууæг, æма еци бунати фæккуста дууæ анземæй фулдæр, 1922 анзи майи уæнгæ, уæдта иссæй Дагестани фронти санитарон служби сæргълæууæг.

Дагестани дæр советон хецаудзийнадæ ку æрфедар æй, уæд си æнæнездзийнадæ гъæуайгæнæг адæмон комиссарæй иснисан кодтонцæ Урусти Геуæри. Фæстæдæр æй Мæску рарвиста Бакумæ, аци сахари сæйраг сæйгæдони хестæр дохтирæй.

Медицинон наукити доктор, профессор Бугъулти М. æ имисуйнæгти уотæ финста: «Урусти Геуæри æз базудтон 1922 анзи, Бакуй университети ахур кæнгæй. Геуæр адтæй устур ахургонд, хъæбæр дæсни дохтир. Геуæри хъæппæресæй Бакуй университети байгон æй медицинон факультет. Геуæри курдиадæмæ гæсгæ Азербайджани ССР-и рохсади Адæмон комиссариат бæсти алли сахартæй университетмæ косунмæ æрбакодта зундгонд медиктæ – профессортæ А.Левини, И.Широкогорови, П.Кузнецови, акушер-гинеколог Ильини æма æндæрти. Геуæр æхуæдæг университети разамунд лæвардта анатомий кафедри коллективæн. Æ хæццæ кафедри ка куста, уонæй дæр æма æ студенттæй дæр беретæ иссæнцæ устур ахургæндтæ, зæгъæн: профессортæ В.Иваницкий, А. Надеин, академик Б.Классовский, профессор К.Балакишев æма иннетæ.

Бакуй Геуæр исаразта хуæнхон студентти – ирон, кæсгон, цæцæйнаг æма мæхъæлон студентти æхсæнадæ.

Æртæ анзей бæрцæ бакуста Геуæр Бакуй университети, уæдта имæ 1925 анзи фæдздзурдтонцæ Мæскумæ, ами паддзахадон университети медицинон факультети куста ахургæнæгæй. Е 'мбæлттæ æма æ студенттæ Геуæри худтонцæ профессор, фал наукити кандидат æви доктор адтæй, уой æвдесæг документтæ нæ къохи нæ бафтудæнцæ.

Уæлдæр куд загътан, уотæ Геуæр хебарæй рандæ 'й Цæгатмæ, Котласи райони гъæдикустгæнгутæмæ, дохтирæй. Анз æма æрдæг æви дууæ анзи рацудайдæ, уæдта фæстæмæ исæздахтæй Мæскумæ. Косун бабæй райдæдта Мæскуй паддзахадон университети. Еци-еу рæстæг адтæй Фæскавкази адæмти минæвайради иуонг медицинæ æма зæнхи фарстати гъуддаги. Сурх Дзиуари æма Сурх Æрдæгмæйи ССР Цæдеси æнхæсткоми ревизион къамиси сæрдар.

Æртинæймаг æнзти Советон цардарæзти знæгтæ æзгелун байдæдтонцæ медицинон косæндæнтти дæр. Мæску, Ленинград æма иннæ сахарти фæлтæрдгун медиктæй берети рарвистонцæ бæсти алли районтæмæ. Геуæрæн университети æ куст бустæги ниууадзæн нæ адтæй, уомæ гæсгæ Мæскуйæй идард нæ рандæ 'й. Æ бæрни ин бакодтонцæ Сталиногорски сæйгæдонæ, фæллойнæгæнгутæ 'й исæвзурстонцæ сахари Совети депутатæй.

Советон медицинон науки ирæзтбæл архайгæй, Геуæрмæ адтæй берæ, хъæбæр берæ ахсгиаг неттæ æма фæндитæ, фал сæ æнæгъæнæй исæнхæст кæнун ба ин нæ бантæстæй. Æ исфæлдистадон хъæуритæ сæ тухи ку бацудæнцæ, æ устур практикон фæлтæрддзийнади хатдзæгтæмæ гæсгæ нæуæг нисантæ ку аразта, уотемæй 1937 анзи, искурдиадæгин ахургонд анатом-паталог, хирург, профессор Урусти Геуæрæн 48-анздзудæй раскъудæй æ цард.

***АНДИАТИ Мæхæмæт***
***1969 анз.***

**Фиццаг ирон силгоймаг-финсæг Кочисати Рози райгурдбæл 12 майи исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1910). Æ финст пьеситæ абони дæр ма цæмæдесаг æнцæ нæ дзиллæн.**

*МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), финсæг: «Цийфæнди зин уавæрти дæр лæг цардмæ гъæуама лæбора, мæлæт дæ æхуæдæг иссердзæнæй... Мæстгун дзубанди ма кæнетæ, сабурæй дæр балæдæрдзинан кæрæдзей...»*

# А ДУЙНЕБÆЛ ЦАРДÆЙ ÆРГОМЗÆРДÆЙ, РÆСТУОДÆЙ...



***Дуйней дзурддзæугæ лæгтæй кадæр уотæ загъта, гъома, цард æма мæлæтæн æмхузон бартæ ес: æнæ кæрæдземæй син уæн нæййес... Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой зундæй бæргæ лæдæрæн, фал зæрдæ ба уæддæр нæ арази кæнуй еци рæстдзийнадæбæл. Æма нин зæрдтагонæй хъазар ка 'й, уонæй еске – цийфæнди кари дæр ку рамæлуй, уæд зæрдрист фæууæн...***

***Анзæй минкъий раздæр æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй БАЛИКЪОТИ Дзандари кизгæ Эммæ. Æма нерæнгæ дæр ма, ка 'й зудта, етæ сæ хъонц кæнунæй не 'нцайунцæ, зæрдхъурмæй æй имисунцæ. Уомæн æвдесæн æнцæ, мæнæ абони Эмми туххæй ци имисуйнæгтæ мухур кæнæн, етæ.***



МЫСИНÆГТÆ

ХУЫГАТЫ Сергей,

Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг

## НÆ ФИДЫЦ НЫН УЫДИ...

Чиныгуадзæнмæ мæнæй фæстæдæр бацыд, бирæ фæстæдæр, æмæ рухс æрбахаста йемæ, уый алчидæр бафиппайдта чиныгуадзæны кусджытæй. Рухс адæймаг уыди Эммæ, æмæ рухс дардта кæуылты цыдаид, уым дæр, рухс дардта кæдæм бацыдаид, уым дæр, æмæ сфидыдта чиныгуадзæн. Кæм фæцæйцыдаид, уырдæм акæсын нæ хъуыди, æрмæст ын йæ къахдзæфтæм байхъус, асæй дæр барст чи уыди, кæрæдзийы фæдыл иу афоныл куыд уой, уымæй дæр барст чи уыди, стæй цыдæр уæлтæмæн чи хаста æмæ ноджы цыдæр хъæппæрис, уыцы къахдзæфтæм æмæ базыдтаис – Эммæ фæцæуы.

Ныллæууыди корректоры куысты æмæ кусынтæ байдыдта. Уæдмæ сæхи равдыстой нæ цардиваены æгъдæуттæ. Чиныгуадзæны ралæууыд æвзæрстыты дуг – директоры дæр æвзаргæ, сæйраг редакторы дæр æвзаргæ, редакторты дæр æвзаргæ. Æмæ базмæлыдысты корректортæ – редактортæй сæ равзарой: цы равзарын сæ хъуыд се 'мкусджытæн, се 'мбæлттæн æмæ фылдæр мызд исой. Эммæмæ нæ бахъæрыд уыцы æгъдау æмæ нæ базмæлыд, йæ зæрдæмæ нæ фæцыди уыцы æнæджелбет æгъдау. Мæнмæ та æндæр хъуыды æрцыдис: ныр бавдæл æмæ Эммæйы сæйраг редакторæй равзар! Афтæ мæм зынд, цыма уымæй хуыздæр ничи сфидыдтаид уыцы бынаты– сфидыдтаид дзы йæ раст хъуыды кæнынæй, йæ зонины æвæрæнтæй, æмæ къухфыстыты хорз æмæ æвзæр кæй æвзары уый тыххæй, стæй йæ бакастæй зæрдæ кæй рухс кæны, уый тыххæй дæр.

Фæлæ уый хъуыды уыд æмæ хъуыды та фылдæр хатт хъуыдыйæ баззайы.

Мах бирæ чингуытæ рауагътам Эммæимæ: æз редактор, уый – корректор, æмæ-иу корректурæ куы касти, уæд-иу æм уыйбæрц фæрстытæ æрæмбырд ис, æмæ-иу сын сæ равзарынæн ницыуал фæразтам – растфыссынадæй-иу ахызти æмæ суанг сюжетмæ бахæццæ, чиныджы композицион арæзтылиу бацыди нæ растфыссынады цы æнæхъола æгъдæуттæ ис, уыдоны тыххæй та-иу загъдзамана дæр систа. Æмæ-иу тынг ныхъхъулон ис нæ корректурæ, уæддæр ма-иу дзы зæрдæхсайинаг бынæттæ баззад æмæ таиу мæм ныххатыд, цæмæй ма иу корректурæ ракурон æмæ ма йæ иу хатт бакæса. Цалынмæ йæ зæрдæ истæмæ æхсайдтаид, уæдмæ ницæй тыххæй бафыстаид корректурæ. Мæнæ фæфæстиат уыдзæн корректурæ æмæ чиныг афоныл нæ рацæудзæн, уый йæм афтæ ахсджиаг хъуыддаг нæ касти. Уыдæтты тыххæй-иу хаттæй-хатт зулдзых дæр баистæм, фæлæ-иу стæй чиныг дзæбæхæй куы рацыд, уæд-иу æз бахатыдтæн хицауадмæ, цæмæй Эммæйæн премитæ фыссой йæ иузæрдион куысты тыххæй.

Æвдæлон рæстæджы-иу æнæуи дæр абадтыстæм. Мæнмæ хорз касти Эммæйы ныхасмæ хъусын, цыдæр зылангон уыди йæ ныхас. Мæнæ-иу аргъæутты фæрдыгдзых чызг куы уыди, ахæм чызджы хуызæн мæм касти Эммæ.

Уæд-иу зæрдылдардæй немыцаг поэтты æмдзæвгætæ дзурын куы байдыдта немыцаг æвзагыл: немыцаг æвзаг зыдта, зæгъын æмæ нæ зыдта, кæд зыдта уæддæр, куыд фæзæгъынц, гыццылтæ æмæ афтæмæй уыцы даргъ æмдзæвгæтæ дзурæн куыд ис? Фæлæ сæ афтæ биноныгæй фæкаст æмæ сын фыццаг сæ ритмикæйыл фæхæст ис, стæй сын уæд сæ хъуыдыйыл дæр сæмбæлди. Афтæ уыдаид, афтæ гæнæн ис, æвæццæгæн.

Йæхæдæг дæр фыста цыбыр радзырдтæ. Хуыздæр уаид, радзырдтæй фыст æмдзæвгæтæ сæ схон, уæд. Бирæ нæ ныффыста, – иу цалдæр. Фыста уырыссаг æвзагыл. Иуы дзы бахъуыды кодтон: «Бабочка» хуынди. Ахæм уæлтæмæн дзы зынди, æмæ йæм лæг сабыр кæсын нæ фæрæзта. Мæ иу радзырд «Дыууæ кæрдзыны» хуыйны йæ ном. Чидæр æй ратæлмац кодта уырыссаг æвзагмæ. Эммæ йæ бакаст, тæлмац йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ йæ нæ ныууагъта, цалынмæ йæ зæрдæ йæм куыд дзырдта, афтæ саразта, уæдмæ. Æнæуи мæм афтæ зынди, цыма Эммæ сценæйæн гуырд уыди æмæ дзæгъæл раци, сценæмæ цæуынæн цы фæндаг уыди, уымæй, цы фæндæгтыл цыди уыдонмæ. Кæддæр ын бакой кодтон уыцы хъуыды. Эммæйæн йæ цæстытæ куыд базмæлыдысты, уымæй бæрæг уыди, йæхимæ дæр кæддæрты кæй фæзынди уыцы хъуыды, уый.

Уæд-иу æрбацæйуадаид мæ кусæн уатмæ. Стъол, арæхдæриу куыд уыд, афтæ гæххæттыты бын фæци. Скъаппы чингуытæ æддæгуæлæ кæлдтытæ. Йæхииу февдæлон кодта æмæ-иу ныллæууыдаид, цалынмæ сæ хуыз не скалдтаиккой, стъолæй дæр æмæ скъаппæй дæр.

Æмæ-иу куыд фидыдта Эммæ уыцы рæстæг дæр, кæс æмæ йæм кæс, æмæ йыл цин кæн æмæ кæн...



ИМИСУЙНÆГТÆ

КОЛИТИ Витали,

Уæрæсей фингути Цæдеси иуонг

## АДТÆЙ НИН ЕУДАДЗУГДÆР ТАБУГÆНÆГ...

Анз рацудæй, кæдæй Эммæ нæ хæццæ нæбал æй, уæдæй. Райевгъудæнцæ сæрдæ, фæззæг, зумæг, нæ зæрдитæбæл ба æ сорæт æносмæ дзæгæрæг калгæ къæлеуи хузæн байзадæй.

Эммæ уæхæн уоди хецау уогæй, æгæр æвгъау адтæй аци хæран æма æнæраст зæнхæбæл æфсæрунмæ.

Хуцау изæдæнгæс ке искодта æма уæлæрвти цæрунмæ кæмæн исбунат кодта, уотемæй ин зæнхæмæ рæдудæй ка райервазтæй, уæхæн адæймаг нæмæ кастæй Эммæ.

Эмми хæстæгмæ ка фæсмардта, æ хæццæ ка куста, уонæй еунæгемæй дæр некæд фегъустон æ фудкой, уомæн æма æхе уарзун кодта еугуремæн дæр.

Мæ киунугутæй цалдæремæн адтæй корректор æма нин еумæ косгæ рауайидæ. Эммæмæ рæстæг нимади некæд адтæй. Æз ма ибæл дес дæр кæнинæ, аци тæнтъех силгоймагмæ уойбæрцæ фæразондзийнадæ æма кустуадагъдзийнадæ кæцæй ес, зæгъгæ. Эммæ къахæй сæрмæ нихъулд адтæй кусти. Уæдта æ куст уарзгæ дæр кодта, рæстзæрдæй хуарз арæхстæй æрмæгутæ банивæбæлдæр кæнунмæ. Уæлдай зæрдегендæрæй ба архайдта дигорон киунугути рацудбæл. Цалинмæ фæстаг æстъæлфи уæнгæ дæр не 'сбæлвурд кодтайдæ æ рæнгъи æнайæепдзийнадæ, уæдмæ æнцойнæ не 'ссирдтайдæ.

Уæлдай ин нæ адтæй, æхсæви еуæндæс сахаттебæл дæр дæмæ æрбадзурдтайдæ æма дæ бафарстайдæ:

– Нæма хуссис?

Нæма хуссун, зæгъгæ, дзуапп ку фегъустайдæ, уæдта цийнæгæнгæ исдзурдтайдæ:

– Мадта ма еу-дууæ сахатти хусгæ дæр нæма никкæндзæнæ...

Æма дæ фæрсун райдæдтайдæ, ескæци киунугæбæл имæ ци феппайуйнæгтæ исæвзуридæ, уонæбæл.

Хуарз ма 'й гъуди кæнун, изæригон мæмæ æрдзурдта, Гурджибети Блашкай киунугæбæл ку куста, уæд, æма сауæнгæ сæуми æртæ сахаттемæ æ фарстатæ лæвæрд куд нæ фæцæнцæ, еци гъуддаг дæр. Цæйбæрцæбæл бæрнондзийнадæ иста æхемæ, цæйбæрцæ хъиамæттæ фæккодта æма ци зæрдихудтæй банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ...

Еци иуонгрæуæг, цæрдæг, цардбæллон силгоймаг æгæр æвгъау адтæй не 'хсæнæй фæгъæгъæунмæ, фал еци æнæхайири æгъатир нез гъолон неке кодта.

Гæрр, æнккæтей игъаугидæр Хуцау Эмми ку фæгъæолон кодта бакастæй, зæрдихаттæй, цæрæццагдзийнадæй, уæд æй фуднез ба куд тагъд раскъафта?

Ке бафарстæуа? Дзуапп мин ка ратдзæнæй? Нæ еугуремæн дæр нæ хуæри хузæн адтæй Эммæ. Мади зæнæг ба мæрдтæмæ нæ æдадзуй! Нæ ни адагъта Эммæ дæр...



БАЛИКЪОТИ Эммæ (галеуæрдигæй дуккаг)

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **950**. Заказ **№ 1011.** Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.05.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.05.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е. Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн. Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.